



For Internal Use Only

NSL Mailed

Date: \_\_\_\_\_

Hearing Officer: \_\_\_\_\_

Date: \_\_\_\_\_

Grant

I/O Req'd Yes  No

Grant w/in 60 days

Abandoned

No Standing

Deny 1 2 3 4 N/A

Notes:

## Ñaan ojans bu bees bi nga jotul a teew (Motion ngir Fomb ab Default)

- Dañoow wara def beneen cakkutéef ci konwokasion/yëgle bu nekk.
- Noo ngi lay ñaan nga jang tektal yi bu baax.
- Tontul bépp laaj ci bayaal buñu joxe. Rempliral ñaari wet yépp.
- Takkal wayndare bu nekk buñu laaj wala ñu duñu nangu demande bi.
- Teewalkat yi bindu dañoow wara kepp formileeru Authorization bi.

### Xibaar yu aju ci Nit kiy Remplir Formileer bii

*Suñ la nangulee li ngay sakku, bina ñu yonnee bisu ojans bu bees bi ci bataaxal ci adarees biñu joxee fii ci suuf.*

Tur: \_\_\_\_\_

Adareesu bataaxal: \_\_\_\_\_ Dëkk, Etaa: \_\_\_\_\_ Kot zip: \_\_\_\_\_

Nimero telefon: \_\_\_\_\_ Adarees imel: \_\_\_\_\_

Ndax yaw yaay Aji-tuuma buñu lim ci konwokasion/yëgle bi?  Waaw  Déet

Sudee do Aji-tuuma buñu lim, da nga **wara** tontu ci yile laaj:

a) Cosab boyet buy gëna xamle ki nga doon:

Boroom moomeel/këru liggéeyukaay

Kilifa gu mag/njiit

Liggéeykatu aji-tuuma bi

Wey-liggéeyandoo/njiit gi ñu tuumal

Leneen (xarit, mbokk, ak yeneen...), leeral ko \_\_\_\_\_

Teewalkat bu bindu, nimero arësitremet. \_\_\_\_\_

Awokaa

b) Ndax nangul nañ la nga teewal Aji-tuuma bi?  Waaw  Déet

c) Lan mooy turu nit ki la laaj nga def bile demande? \_\_\_\_\_

d) Lan la nit kooku bokk ak Aji-tuuma bi? Ci misaal, su konwokasion/yëgle bi limee ab këru-liggéeyulaay niki Aji-tontu bi, wax ñu lan mooy liggéey wala dakkantalu nit kooku ci këru-liggéeyukaay bi. \_\_\_\_\_

### Xibaar yu aju ci Konwokasion/Yëgle bi ak Aji-tuuma bi

Nimero konwokasion/yëgle (benn nimero kese ci formileer bu nekk): \_\_\_\_\_

Turu Aji-tuuma bi, bind ko niki niñ ko bindee ci konwokasion/yëgle bi: \_\_\_\_\_

Adareesu bataaxalu aji-tuuma bi **fimne nii** (So ci deful adarees bii, duñu nangu sa xakkutéef): \_\_\_\_\_

Dëkk, Etaa: \_\_\_\_\_ Kot Zip: \_\_\_\_\_ Ci ban bis la Aji-tuuma bi njékkee jang li ci konwokasion/yëgle bii? \_\_\_\_\_

Nan la Aji-tuuma bi njékkee jang li ci konwokasion/yëgle bii? \_\_\_\_\_

**(DIPPI KO. DA NGA WARAA REMPLIR XËT YI CI TOPP)**

## Li waral ñu war la nangul ab ojans bu bees

War nga xool gën gaa neew **benn** ci boyet yii ci suuf. Sudee **déet** dañuy cos boyet bi, **duñu nangu** cakkutéef bii.

- Cakkutéef bii ab **cakkutéef bu njëkk** la TE dañ koy déposé **ci biir 75 fan** bawoo ci bisu biñ ko yonnee wala biñ la joxee ci loxo Dogal par défaut bi.
- Cakkutéef bii ab **cakkutéef bu njëkk** la TE dañ koy déposé **ci biir 75 fan** bawoo ci bisu biñ ko yonnee wala biñ la joxee ci loxo Dogal par défaut bi.

Dogal **waaye ci 1 at** ci bisu Dogal par défaut bi. Da nga wara joxe ab sabab bu jaadu ci li tax ba aji-tuuma bi teewul ci ojans bi, lu ko moy duñu nangu cakkutéef bi. Lim nañu fii ci suuf mbir yu jaadu yi ko waral. Da nga **WARA** tànnéef buy(yuy) jëfee:

- Aji-tuuma bi jotul ci konwokasion/yëgle bi ndax kër gi koy defar joxewul konwokasion/yëgle yi bu baax.  
*Sudee konwokasion/yëgle bi dafa tuddu moomeel bi moom wala kiy liggéey ci moomeel bi nit ab Aji-tuuma, takkal ab fotokopi wu faktiiru juuti New York City ak/wala ay formileeru dëkkuwaay yu bari (su ci amee) ngir tabax bi ci at mi nga xamantane ci lañu defaroon konwokasion/yëgle bi. Sudee konwokasion/yëgle DU lim borom moomeel bi wala kiy liggéey ci moomeel bi, takk firndey adareesu aji-tuuma bi ci jamono juñu defaree konwokasion/yëgle bi. Boobu firnde mën naa doon permis de conduire, ab permis wala luy wone ni nangu nañu nga jël ay juuti ci njaay yi.*

- Konwokasion/yëgle bi dafay raññee aji-tuuma bi niki “Borom”, “Liggéeykat”, “Njiitu bokk moomeel” wala beneen turu-boppu seneraal  
*Bul cos boyet bi sudee konwokasion/yëgle bi dafay lim ab nit, këru-liggéeykaay, banqaas, mbootaay wala beneen kër.*

- Aji-tuuma bi dafa faatu ci bisu wala laata bisu ojans bu di jot.  
*Lii dafay jëfe kese su nit ki faatu nekkee nit ki nga xamne moom lañu lim niki Aji-tuuma ci konwokasion/yëgle bi. Sudee noonu la demee, takkal ab fotokopi Keyitu juddu'Aji-tuuma buñu lim.*

- Aji-tuuma bi xarañul woon ci wallu yoon ci jamonoy ojans bi.  
*Joxel ab fotokopi wu dogalu tirbinaal bi tz wax ci Aji-tuuma bi xarañul woon ci wallu yoon.*

- Aji-tuuma bi mo moomoon barab bi mbir mi amee ab jamono, waaye daf ko jaay wala mu joxe ko laata bisu konwokasion/yëgle bi.  
*Joxel luy firndéel transfert bi, bokk na ci ab acte bu mat ak ab formileeru juuti ci transfert u kër gi ci New York State.*

- Aji-tuuma bi mësul moom barab bi mbir mi amee, wala moomu ko woon biñu joxee konwokasion/yëgle bi, te ni konwokasion/yëgle bi dafay wone ab jalgati bu laale ak ab tabax wala moomeel bu xejjiku.  
*Sudee sabab bii dafay jëfee, takkal keyit yu koy dooleel, yu mel ni luy firndéel ni amna keneen ku moom tabax bi wala moomeel bi ci jamono juñu joxee konwokasion/yëgle bi. Sabab bii DU jëfee sudee konwokasion/yëgle bi dañ ko defar ngir ab jalgati bu mengoowul ak ab tabax wala moomeel (ci misaal, taf ay prospectus yu jaaduwul, mbaliit, njaay wala konwokasion/yëgle buy lim ñuy saytu kër yi, ñiy luwe, entrepreneurs yi ak yeneen nit yuy liggéey ci ab moomeel).*

- Aji-tuuma bi ab liggéeykat la woon, ab locataire wala nit ku yore kiliftéefu moomeel bi ñu amalee jalgati bi, waaye nekkul woon ab liggéeykat, ab locataire, wala ab njiit ci jamono juñu joxee konwokasion/yëgle bi.  
a) *Wonnél lëkkalekaay bi aji-tuuma bi am ak moomeel bi ak bis bi lëkkaloo bi jeexee:* \_\_\_\_\_

b) *Kepp ci ab sotti wu bépp deggoo wala bail bu ci am buy wone bis bi lëkkaloo aji-tuuma bi ak moomeel bi jeexee.*

- Aji-tuuma bi dafa amoon lu jump lu soxla ay paj wala yeneen mbir yu jump.  
*Sudee sabab bi dafay jëfee, takkal ab fotokopi wu wayndare bu baax.*

- Leneen (leeral ko) (takk ci yeneeni xët suko lajee): \_\_\_\_\_

- Yónnee nañu cakkutéef bii **lu ëpp 1 at** bawoo ci bisu Dogalu par défaut **WALA** lii **du bisu ojans bu njëkk bu Aji-tuuma bi ñakk** ci bile nimeru Yëgle/Konwokasion. (Ngir ay konwokasion/yëgle yuy tuumalaate mbirum jalgati bépp yoon wala sàrt bu Commission taks yi ak Limousines yi am waréef wala sañ-sañu jëfee ko, war nañu déposé cakkutéef bi ci diirup ñaari at tambali ko dogal par défaut bi.) Cakkutéef bi di nañ ko joxe **kese** ci anam yu xejjiku kese. Da nga wara leeral anam yooyu luñu doon. Mën nga takk itam bépp wayndaare bu koy dooleel. \_\_\_\_\_

Man [tapel sa tur] \_\_\_\_\_ **WERAL NAA CI KAW ÑU MAY TEG DAANU KU JALGATI TOON NI (A) NANGUL NAÑ MA MA DEPOSE CAKKUTEEF BII AK (B) NI CI FI SAMA XAM-XAM TOLL MBOOLEEM XIBAAR BIMA DUGAL CI BILE FORMILEER AK CI TAKK YI DĒGG LA. NAND NAA NI WAX YU JUBADI YUÑU DEF CI BILE WAYNDARE AK/WALA BU CI NEKK CI YILE TAKK MĒN NAÑ MA CI TEG AY DAAN CI ALAMAAN WALA ÑU TĒJ MA CI KASO CI KAADARU PACC 175.30 BU ATEB PENAL.**

**SA XAATIM:** \_\_\_\_\_ **BIS:** \_\_\_\_\_